# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 मई 2024** **भोजपुरी समाचार**

उत्तर प्रदेश में कई गो राजनीतिक दलन क स्टार प्रचारक आजु अपने पारटी के ओम्मेदवारन बदे परचार कई के समर्थन मांग रहल हवे। केंन्द्रीय गृहमंत्री अमित शाह आजु लखीमपुर सहर के राजकीय इंटर कालेज में भाजपा के ओम्मेदवार अजय मिश्र टेनी के समरथन में आयोजित जनसभा के संबोधित कइले । सपा अउर इंडी गठबंधन पर जोरदार हमला बोलत श्री शाह कहले कि इनकरे लग्गे सरकार चलावे बदे कउनो चेहरा नही हवे। न नीयत बा अउर ना त नीति, ई परिवारवादी संगठन खाली अपने फायदा बदे एक मंच पर इक्कठा भइल हवे। येही क्रम में मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु अकबरपुर, फर्रूखाबाद अउर शााहजहांपुर, लोकसभा क्षेत्र में आयोजित जनसभा के संबोधित कइले। उहां के कहली कि फिर एक बेरि मोदी सरकार अउर अबकी बार चार सौ पार क इ नारा अइसन जादू कइलस कि, विपक्षी दल चारो खाना चित हो गइले। ओन्हे कुछु नाही समझ आ रहल हौ।

समाजवादी पारटी प्रमुख अखिलेश यादव आजु शाहजहांपुर में एगो रैली में बीजेपी पर जमके निसाना सधले अउर कहले कि पारटी झूठा वादा करेले। बाद में उहां के फर्रूखोबाद में पारटी ओम्मेदवार के पक्ष में एगो राजनैतिक रैली के संबंधित कइलीं।

ओहर, रायबरेली में कांग्रेस के स्टार प्रचारक प्रियंका गांधी राहुल गांधी के समर्थन मे थुलवासा में आयोजित नुक्कड सभा के संबोधित कइलिनि। उहां के कहली कि भाजपा आम जनता के गुमराह करे क काम कइले हवे। उहां के कहलीं कि हमार सरकार आई त आसा वर्कर, मनरेगा के लेके अउरियों करमचरियन के मानदेय दुगुना कइल जाइ।

**********

प्रदेस में सतवां फेरा क तेरह गो लोकसभा सीटिन बदे नामांकन क प्रक्रिया जारी हौ। कई गो राजनीतिक दलन क ओम्मेदवार संबंधित जिला मुख्यालन से नामांकन पत्र भर के आपन दावेदारी तय कई रहल हवे। येही क्रम मे आजु गोरखपुर लोकसभा सीटि से पनरह परचा बिकल जबकि दुइ गो ओम्मेदवार आपन नामांकन कइले। ओहर, बांसगांव लोकसभा सीटि से दुई गो परचा खरिदल गइल। येह सीटि से केहू ओम्मेदवार आजु परचा नही भरलस। येही तरियन बनारस अउर कुशीनगर लोकसभा सीटि खातिर दुइ–दुइ ओम्मेदवार अउर चंदौली लोकसभा क्षेत्र से पांच जने नामांकन पत्र खरिदले। संतवां फेरा बदे नामांकन प्रक्रिया चौदह मई ले चलि जबकि मतदान एक जून के होई।

**********

भारतीय जनता परटी क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी क तेरह अउर चौदह मई के बनारस दौरा प्रस्तावित हवे। येह दौरा में उहां के एगो रोड–सो के अलावे चौदह मई के आपन परचा डरिहे। भाजपा क क्षेत्रीय प्रवक्ता नवरत्न राठी के हिसाब से प्रधानमंत्री तेरह मई के दुपहरिया बनारस आ जइहें अउर संझा के रोड–सो करिहें। पारटी सूत्रन के हिसाब से देर संझा लंका से रविन्द्रपुरी, सोनारपुरा, गोदौलिया होत विश्वनाथ धाम ले उनकर रोड–सो होई। अगिला दिन्ने प्रधानमंत्री चौदह मई के भिन्नही बाबा काल भैरव क दर्सन पूजन करिहे एकरे बाद परचा डारे बदे जइहें।

**********

प्रदेस क कई गो लोकसभा सीटिन पर ढेरि से ढेरि मतदान करावे खातिर मतदाता जागरूकता कार्यक्रमन क आयोजन कइल जा रहल हौ, जहवां रैली, नुक्कड़ नाटक के लेके कई गो कार्यक्रमन के जरिया से लोगिन क मतदान क अहमियत बतवले क सथहीं ओट डरले क अपील कइल जा रहल हौ।

जौनपुर में मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे जिला प्रसासन लगतारे सक्रिय बा। आजु जिला निर्वाचन अधिकारी पेट्रोल पम्प पर मतदाता लोगिन के जागरूक करे के अभियान क सुरू कइले। येह दौरान उहां के पेट्रोल पम्पन पर आये वाले वाहनन, बाईक अउर कार पर स्टीकर चपकइले अउर ओट दिहले क सपथ दियवले। उहां के कहले कि घरे–घरे लोगिन के जियादा से जियादा ओट कइले क सनेसा पहुंचावे खातिर कई तरह क स्वीप गतिविधि लगतारे कइल जा रहल हवे। जेसे मतदान प्रतिसत बढावल जा सके। ओहर, बनारस के मिर्जा मुराद क रहे वाले सुबेदार यादव वोटिंग अवेयरनेस के लेके पांच सदस्यीय टीम के साथे साईकिल से लखनऊ बदे निकरले। दस दिनन के येह अभियान में लोगिन के ओट देवे क सपथ दियवले।

**********

आजु विश्व रेड क्रॉस और रेड क्रिसेंट दिवस हवे। संरक्षण, सहायता, स्वास्थ्य सेवा अउर सामाजिक सहायता आ लोगिन के स्वास्थ्य बदे कार करे वाले लाखों करमचरियन अउर स्वयंसेवकन के प्रति सम्मान पवले खातिर ई दिवस मनावल जा रहल हवे।

अजुवे थैलेसीमिया क रोकथाम अउर उपचार के बारे में लोगिन में जागरूकता बढ़ावे खातिर आजु विश्व थैलेसीमिया दिवसों मनावल जा रहल हवे। ई रोग तब होला, जब सरीर पुरहर हीमोग्लोबिन बनवले में असमर्थ होला।

**********

भीषण गरमी में लोगिन के हीट वेव के प्रकोप से बचावे खातिर प्रदेस सरकार बचाव अउर राहत क कार योजना बनावे क निरदेस दिहले हवे। येहमें नगर विकास विभाग की ओरि से कहल गइल हवे कि प्रदेस में हीट वेव से बचाव बदे राज्य, जिला अउर निकाय स्तर पर नोडल अधिकारी नामित कइल जाए। एकरे सथहीं वीडियो कॉन्फ्रेसिंग क जरिया से जिला अउर निकाय स्तर पर हीट वेव के मॉनिटर कइल जाए। हीट वेव के समय का कइल जाए अउर का न कइल जाए के बारे में बड़हन पैमाना पर परचार परसार कइल जाए।

**********